



Depatman Sante ak Sèvis Imen (“DHHS”) pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, sèks, janr, oryantasyon seksyèl, laj, orijin nasyonal, kwayans relijye oswa politik, zansèt, estati famiyal oswa matrimonyal, enfòmasyon jenetik, asosyasyon, afimasyon anteryè sou yon reklamasyon oswa dwa, oswa aktivite denonsyatè, an admisyon oswa aksè nan, oswa operasyon règleman li yo, pwogram, sèvis, oswa aktivite, oswa nan anbochaj oswa aktivite travay. Yo bay avi sa a jan li obligatwa avèk Tit II nan Lwa 1990 sou Ameriken ki gen Andikap (“ADA”); Tit VI nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil, jan li modifye; Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon, jan li amande; Lwa 1975 sou Diskriminasyon; Tit IX nan Amanman sou Edikasyon 1972; Seksyon 1557 nan Lwa sou Swen Abòdab; Lwa Maine sou Dwa Imen; Dekrè Egzekitif Osijè Kontra pou Sèvis nan Eta Maine; ansanm avèk tout lòt lwa ak règleman yo ki entèdi kalite diskriminasyon sa. Kesyon, enkyetid, plent oswa demann pou enfòmasyon anplis osijè ADA ak anbochaj oswa Pratik travay ke yo ka voye nan DHHS ADA/EEO Coordinators nan 11 State House Station, Augusta, Maine 04333-0011; 207-2874289 (V); 207-287-1871(V); oswa Maine Relay 711 (TTY). Si ou gen kesyon, enkyetid, plent oswa demann pou lòt enfòmasyon osijè ADA ak pwogram, sèvis, oswa aktivite yo ka voye nan DHHS ADA/Civil Rights Coordinator, nan 11 State House Station, Augusta, Maine 04333-0011; 207 -287-3707 (V); Relè Maine 711 (TTY); oswa ADA-CivilRights.DHHS@maine.gov. Ou ka depoze plent dwa sivil yo tou avèk Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini, Biwo Dwa Sivil, pa telefòn nan 800-368-1019 oswa 800-537-7697 (TDD); pa lapòs nan 200 Independence Avenue, SW, Room 509, HHS Building, Washington, D.C. 20201; oswa elektwonikman nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>. Nou envite moun yo ki bezwen èd oksilyè pou kominikasyon efikas nan pwogram ak sèvis DHHS pou yo fè konnen bezwen ak preferans yo bay ADA/Civil Rights Coordinator. Avi sa a disponib nan lòt fòm yo, sou deman.

Pwogram Nitrisyon Maine CDC WIC
1-800-437-9300 oswa 207-287-3991

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.

Fanmi Maine yo Grandi

Ansante Avèk WIC



Pwogram Nitrisyon WIC Maine CDC WIC bay:

- Avantaj pou achte manje ki bon pou sante w
- Enfòmasyon sou sante ak nitrisyon
- Konsèy pou yon gwsès ki ansante
- Sipò pou bay tete



Ou ka patisipe nan Pwogram WIC si ou gen yon revni fanmi ki konfòm avèk gid WIC epi ou:

- ◆ Ansent
- ◆ Ap bay yon tibebe ki gen mwens pase laj 1 ane tete
- ◆ Te gen yon tibebe nan dènye 6 mwa ki sot pase yo
- ◆ Gen timoun ki anba laj 5 ane
 - ◇ Yon papa, granparan, paran adoptif, boparan oswa gadyen kapab elijib pou pwogram lan.



Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Nitrisyon Maine CDC WIC?

Vizite sit entènèt nou an nan www.maine.gov/WIC

Oswa rele **1-800-437-9300**

Relè 711 TTY Maine

Kisa WIC ye?

WIC se yon pwogram sante ak nitrisyon pou fanmi kap grandi yo ki ofri :

- ◆ Edikasyon nitrisyon
- ◆ Sipò pou bay tete
- ◆ Tès sante
- ◆ Avantaj pou achte bon jan kalite manje tankou:

◆ Lèt, ze, fwomaj, ak lèt kaye	◆ Tofou ak lèt soya
◆ Fwi ak legim	◆ Pwason nan bwat
◆ Manba	◆ Pen grenn antye, tòtila, avwàn pat oswa diri mawon
◆ Ji	
◆ Sereyal	◆ Manje tibbe
◆ Pwa sèch oswa nan bwat	◆ Lèt tibebe



Ki benefis tibebe yo resevwa nan WIC?

Tibebe yo ka resevwa yon ponp tete (si nesèsè) oswa lèt pou tibebe ki anrichi avèk fè.

Aprè laj 6 mwa yo ka resevwa tou:

- Sereyal, fwi ak legim pou tibebe yo
- Vyann pou tibebe (pou tibebe kap pran tete sèlman)

Si ou gen kesyon...

WIC gen repons yo.

- ◆ Kisa mwen ta dwe manje pandan gwosès mwen?
- ◆ Mwen vle bay tete; kijan mwen ta dwe kòmanse?
- ◆ Timoun pitit mwen an manje difisilman! Kisa mwen ka fè?
- ◆ Kijan mwen ka fè pitit mwen yo manje plis fwi ak legim?
- ◆ Kijan mwen ka fè pitit mwen yo kenbe yon pwa ki ansante?
- ◆ Èske WIC gen yon ponp lèt pou prete ke mwen ka itilize?

Lèt tete se pi bon manje pou tibebe w.



Anplwaye WIC yo ankouraje nouvo manman yo pou bay tete.

Pou aprann plis sou bay tete vizite sit entènèt nou nan www.maine.gov/wic

Ajans Lokal WIC yo nan Maine

Pwogram Aksyon Konte Aroostook

Ap sèvi Konte Aroostook
Presque Isle 1-800-432-7881 oswa 768-3026

Sèvis Kominotè & Sante Piblik Bangor

Ap sèvi Konte Piscataquis ak Penobscot
Bangor.....1-800-470-3769 oswa 992-4570

Aksyon Kominotè MidCoast Maine

Ap sèvi Konte Knox, Lincoln, Sagadahoc ak Waldo
Bath.....1-800-221-2221
Belfast.....338-1267
Rockland ..594-4329

Planin Familyal Maine

Ap sèvi Konte Hancock ak Washington
Ellsworth.....1-800-492-5550 or 667-5304
Calais.....454-3634
Machias.....255-8280

Sant Medikal Jeneral Maine

Ap sèvi Konte Kennebec ak Somerset
Augusta.....626-6350
Waterville ..861-3580
Skowhegan...861-3593 or 1-888-942-6333

Alyans Opòtinite

Ap sèvi Konte Cumberland
Portland.....1-800-698-4959 oswa 553-5800
Windham.....553-5800

Aksyon Kominotè Lwès Maine

Ap sèvi Konte Franklin, Oxford ak Androscoggin
East Wilton...1-800-645-9636 oswa 645-3764
Auburn.....1-877-512-8856 oswa 795-4016

York County Community Action Corp.

Ap sèvi Konte York
Sanford.....1-800-965-5762
Biddeford.....1-800-644-4202